

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salah sahiji kaonjoyan manusa lamun dibandingkeun jeung mahluk séjén, manusa minangka mahluk nu miboga akal jeung pikiran. Ku éta hal, manusa bisa mekarkeun kabudayaanna ngaliwatan téhnologi pikeun méré aturan dina ngolah lingkunganna (Anum & Isman, 2023 kc. 90). Dina ngulik ngeunaan ngaran, urang sok ngadéngé kalimah *bersayap* “*what’s in a name*” nu mangrupa kalimah can réngsé. Kalimah saenyana nyaéta “*what’s in a name, that which we call a rose by any other name would smell as sweet*” nu mangrupa kalimah panyanggah anu disebutkeun ku Juliet dina drama “*Romeo and Juliet*” karya William Shakespeare. Ku kituna éta kalimah teu saluyu dina panalungtikan toponimi anu nyebutkeun yén “*behind the name is a long history of human settlement*”. Dina méré ngaran tempat manusa mindeng ngasupkeun unsur-unsur lingkungan nalika manusa mekarkeun éta kabudayaan tur netep di hiji tempat (Kosasih, 2022 kc. 2). Ku kituna manusa teu sagawayah waé méré ngaran tempat nu aya di sabudeureunana (Anum & Isman, 2023 kc. 90).

Salah sahiji élmu nu ngaguar ngeunaan ngaran nyaéta onomastik. Hestiyana dina (Tamrin & Haliq, 2023 kc. 109) nétélakeun yén méré ngaran hiji tempat teu leupas tina ma’na nu aya di jerona. Méré ngaran hiji tempat aya tina gagasan anu dipangaruhan ku faktor budaya nu aya di masarakat. Rais dina (Tamrin & Haliq, 2023 kc. 109) nétélakeun yén ngaranan hiji tempat miboga tujuan pikeun ngababarikeun komunikasi manusa tur salaku patokan pikeun hiji géografis. Inyana ogé nétélakeun yén toponimi bisa digunakeun pikeun maluruh ngaran-ngaran tempat. Toponimi téh nyaéta cabang paélmuan nu maluruh ngeunaan ngaran-ngaran tempat, boh dumasar géografisna, sosial, boh tina budayana, nu miboga peran penting dina mikanyaho jeung maluruh sajarah hiji wilayah (Pratiwi & Hartati, 2024 kc. 13).

Ngaran tempat, kaasup ngaran-ngaran kampung jadi bagéan nu penting minangka idéntitas ti hiji komunitas. Prosés méré ngaran hiji wilayah biasana dumasar kana kondisi alamna, kapercayaan, jeung kumaha budaya masarakatna

(Narhan & Lubis, 2023 kc. 309). Camalia dina (Tamrin & Haliq, 2023 kc. 109) nétélakeun yén toponimi mangrupa wangun tina budaya manusa. Inyana ogé nétélakeun yén dina toponimi loba pangaweruh anu bisa kacangking diantaranya nyaéta ma'na ngaran tempat nu ditilik tina perspéktif sajarah, kaarifan lokal, ogé arkéolog. Ku kituna panalungtikan ngeunaan toponimi miboga kalungguhan anu kalintang pentingna dina pangajaran sajarah, antropologi, jeung sosiologi.

Di Indonésia, teu saeutik ngaran-ngaran tempat anu dipatalikeun jeung rupa-rupa fénoména alam nu aya di éta tempat atawa di sabudeureunana. Contona, ngaran tempat anu pakait jeung walungan, di Jawa Barat biasana dimimitian ku “Ci”, kayaning Cikapundung, Citarum, Cikalintu. Conto séjénna nyaéta tina hasil panalungtikan, di wilayah Kota Bandung ngaran tempat téh raket pisan patalina jeung fénoména géografis anu aya di sabudeureunana (Ruspandi & Mulyadi, 2014 kc. 2). Ngaran-ngaran tempat nu dimimitian ku kecap Ci bakal raket pisan pakait jeung unsur cai. Babakan salawasna pakait jeung padumukan anyar. Pasir salawasna pakait jeung bukit atawa geger.

Masarakat Sunda mangrupa masarakat nu masih kénéh ngaraksa jeung ngariksa lingkungan sabudeureunana. Di sababaraha tempat, masarakat Sunda ngokolakeun lingkungan sabudeureunana ku cara anu apik, kayaning dina aturan kapamalian nu nyababkeun kualitas lingkunganna karaksa jeung kariksa. Loba pakeman basa nu miboga ajén luhur nu aya patalina jeung lingkungan sabudeureunana, kayaning paribasa *hérang caina beunang laukna*. Éta paribasa nuduhkeun yén dina kahirupan sapopoé masarakat Sunda nyoko kana alam tempat hirup kumbuhna (Sobarna & Gunardi, 2018 kc. 149) .

Kecamatan Cariu nu aya di Kabupatén Bogor, Jawa Barat, mangrupa salah sahiji wewengkon nu miboga ngaran lembur nu ngirut pikeun ditalungtik, contona waé aya ngaran lembur Babakan Radén, Kukun, Cihoe, Lenad, Randegan, Palahlar, Malingping, Pancawarna, Ciséro jeung lianna. Ieu wilayah téh lolobana dicicingan ku masarakat Sunda, miboga ngaran-ngaran lembur nu bisa ngagambarkeun rupa-rupa aspék kahirupan masarakat, boh tina sisi géografis, sosial, boh budaya.

Istilah toponimi, asal kecapna atawa sacara étimologisna tina basa Yunani *topoi* hartina ”tempat” jeung *onama* hartina “ngaran” jadi sacara harfiah toponimi

miboga ma'na “ngaran tempat”. Tina hal ieu, toponimi bisa dihartikeun salaku cara méré ngaran ka hiji wilayah atawa tempat (Sudaryat, 2015 kc. 51).

Dina sistem méré ngaran hiji tempat (toponimi) pasti aya pangaruh tina aspék sabudeureunana, boh ti aspék fisik boh non fisik (aspék sosial jeung kultural). Aspék fisik ngawengku tilu unsur nyaéta unsur hidrologis, unsur géomorfologis, jeung unsur biologis (flora jeung fauna). Panalungtikan toponimi dumasar carita rakyat ngandelkeun carita nu sumebar ti masyarakat jeung bukti anu ngarojong kana éta carita, boh aspék fisik boh aspék non-fisik, teu dumasar kana mitos nu aya di masarakat wungkul (Kosasih, 2022 kc. 3). Henteu ngan patali jeung unsur fisik, ngaran tempat ogé patali jeung unsur non fisik. Contona waé di Jakarta, anu miboga rupa-rupa désa dumasar kana sélér bangsa, kayaning Kampung Melayu, Kampung Arab, Kampung Bugis, Kampung Ambon, Kampung Jawa. Istilah Kampung asalna ti Walanda "*Kamp*" nalika Gubernur Jéndral harita nempatkeun tawanan perang di kamp-kamp panjara dumasar kana étnisna, jadinya engké Jakarta tumuwuh jadi kota multi-étnis kalayan ngaran-ngaran désa dumasar kana éta étnis (Rais, 2008 kc. 4).

Salian ti istilah nu dibére bangsa deungeun, ngaran tempat ogé sok dumasar carita rayat nu ngandung ajén-ajén budaya ogé kapercayaan nu diwariskeun sacara turun-tumurun. Carita rayat mangrupa carita anu diturunkeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi séjénna. Carita rayat sipatna anonim, nyaéta teu dipikanyaho saha pangarangna, ku sabab éta carita geus ngaliwatan prosés parobahan ti nu nyarita jeung nu ngaregepkeun tan wates wangen. Hiji carita rayat (sasakala) aya patula-patalina jeung sistem méré ngaran hiji tempat (toponimi), teu saeutik ngaran tempat di Tatar Sunda nu aya patula-patalina jeung sasakala. Ogé ditétélakeun ngeunaan carita rayat atawa carita balaréa nyaéta warnaning carita heubeul anu sumebar di masarakat, tatalépana ngaliwatan lisan, bari teu kanyahoan saha pangarangna. Ku lantaran sumebarna sacara lisan, bisa jadi ngalaman rupa-rupa raéhan (ngurangan atawa nambahan), sarta bisa nimbulkeun ayana vérsi anyar. Anu kagolong carita rayat umumna mah dongéng sasakala, jeung mite. Dongéng-dongéng anyar gé bisa kaasup carita rayat asal geus sumebar di masarakat jeung anonim. Aya sababaraha conto di antarana nyaéta sasakala Gunung Tangkuban

Parahu anu aya patalina jeung kota Bandung. Tegesna mah toponimi téh bisa dihasilkeun dumasar kana carita rayat (Iskandarwassid, 2013 kc. 127).

Réa asal-usul ngaran tempat nu kiwari leungit atawa kapopohokeun kusabab modérnisasi. Ieu panalungtikan miboga fungsi séjén salaku tarékah keur ngamumulé warisan budaya. Toponimi ngaran-ngaran lembur bisa nyababkeun masarakat leuwih reueus jeung ngamumulé budaya nu aya (Sari & Mursidi, 2018 kc. 74). Ieu panalungtikan miboga tujuan keur maluruh asal usul ngaran lembur nu aya di kecamatan Cariu jeung salaku inventarisir.

Hasil panalungtikan ngeunaan toponimi hiji tempat kawilang loba. Contona “Toponimi Wilayah Darangdan Kabupaten Purwakarta Dumasar Aspék Mitologi pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Dongéng di kelas XII SMA” ku Fahmi Adi Nugraha (2012), “Ngaran-Ngaran Patempatan (Toponimi) di Kecamatan Tanjung Kerta Kabupatén Sumedang Dumasar Carita Rakyat pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal di SMP” ku Arief Wangsa Putra (2012), “Ngaran Ngaran Patempatan (Toponimi) di Kecamatan Cileunyi Kabupaten Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMA” ku Sigit Mughni Prasetya (2012), “Istilah Patempatan Dumasar Toponimi di Kecamatan Parongpong Kabupaten Bandung Barat” ku Hidayat Kusdinar (2008), “Toponimi di Kota Sukabumi” ku Agung Priyaguna (2012), “Adegan Kecap dina Toponimi Kampung di Kecamatan Bungbulang Kabupaten Garut” ku Iid Abdul Azis (2008). “Toponimi di Kecamatan Cibeber Kabupaten Cianjur Dumasar Carita Rayat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Ai Salsiah (2013), jeung “Toponimi Ngaran-Ngaran Curug di Wilayah Purwasuka (Purwakarta, Subang, Karawang) Dumasar kana Carita Rakyat” ku Yan Priyana (2015).

Tina sawatara judul panalungtikan di luhur, can aya nu ngaguar leuwih jero ngeunaan toponimi ngaran-ngaran lembur di wilayah Cariu Kabupatén Bogor. Ku kituna dumasar kana kasang tukang di luhur ieu panalungtikan dijudulan “Toponimi Ngaran-Ngaran Lembur Di Kecamatan Cariu Kabupatén Bogor.”

Ieu panalungtikan penting dilakukeun pikeun maluruh ngaran-ngaran lembur nu aya di Kecamatan Cariu, nu kiwari geus kapopohokeun ku lantaran kamajuan jaman jeung parobahan hirup kumbuhna masarakat di jaman kiwari.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang nu geus diébréhkeun, idéntifikasi masalah téh penting pikeun lumangsungna panalungtikan. Éta hal jadi watesan sangkan dina panalungtikan teu méngpar tina rarancang jeung tujuanna. Ku kituna nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah ieu di handap.

- a. Kumaha pola katut aspék nu kapanggih dina ngaran-ngaran lembur di kecamatan Cariu kabupatén Bogor?
- b. Kumaha asal-usul ngaran-ngaran lembur nu aya di kecamatan Cariu kabupatén Bogor téh?
- c. Ajén kaarifan lokal naon nu aya dina ngaran-ngaran lembur di kecamatan Cariu kabupatén Bogor téh?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalahna, tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngajembaran kaweruh jeung nambahan data invéntaris kabudayaan wilayah Cariu ngeunaan asal-muasal ngaran lembur di Kecamatan Cariu Kabupatén Bogor.

1.3.2 Tujuan Husus

Salian ti tujuan umum anu geus dijelaskeun di luhur, tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap.

- a. Déskripsi kasang tukang toponimi lembur, di Kecamatan Cariu Kabupatén Bogor;
- b. Pola anu dipaké dina sistem méré ngaran lembur di Kecamatan Cariu Kabupatén Bogor;
- c. Larapna hasil panalungtikan toponimi ngaran-ngaran lembur di Kecamatan Cariu Kabupatén Bogor.

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Téoritis

Ieu panalungtikan sacara téoritis miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan, sarta pikeun aprésiasi budaya hususna dina widang foklor, utamana dina widang toponimi.

1.4.2 Manfaat Praktis

Ieu panalungtikan sacara praktis bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan toponimi lembur di wilayah Cariu, sarta sangkan masarakat séjén luar daérah Cariu bisa apal kana sajarah lembur nu aya di wilayah Cariu.

1.4.3 Manfaat tina Segi Kawijakan

Dina segi kawijakan, ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun ngaronjatkeun tur ngamumulé warisan budaya Sunda, hususna dina widang toponimi kayaning dijieunna peraturan pikeun ngaraksa jeung ngariksa idéntitas dina éta wewengkon.

1.4.4 Manfaat tina Tina Segi Isu Étik jeung Aksi Sosial

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh masarakat kana budaya jeung nuwuhkeun rasa reueus kana budaya di daérah séwang-séwangan.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh museur kana toponimi ngaran-ngaran lembur nu aya di Kecamatan Cariu Kabupatén Bogor. Ngaran-ngaran lembur nu aya di Cariu mangrupa populasi. Sampel dicangking ku cara maké téhnik *purposife sampling* jeung opat madzhab tuluy narik tengah sangkan *papat kalima pancer*.

Dina ieu ambahan panalungtikan dipidangkeun dina lima bab. Bab I Bubuka, diwengku ku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat téoritis,

mangpaat praktis, mangpaat tina segi kawijakan, jeung mangpaat tina Segi Isu Étik jeung Aksi Sosial), jeung ambahan panalungtikan.

Bab II Ulikan Téori, eusina nyaéta ulikan téori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga téori. Eusina medar téori nu aya patalina jeung panalungtikan. Sawatara téori nu dipedar nyaéta ngeunaan aspék, pola, jeung ajén nu aya dina éta toponimi.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina nyaéta désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngajelaskeun tur ngadéskripsikeun ngeunaan aspék, pola, jeung ajén nu aya dina toponimi lembur di Kecamatan Cariu.

Bab V Kacindekan jeung saran, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan, saran, atawa rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.